



Avi pou Enskripsyon pou Travay nan Pwogram Èd Manje

Adrès Biwo DCF/FAKS #:

Dat: _____

Non Dosye: _____

Nimewo Dosye: _____

Oumenm oswa moun k ap viv lakay ou ki endike anba a se patisipan obligatwa nan Pwogram *Food Stamp Employment and Training* (FSET). Si oumenm oswa moun k ap viv lakay ou dwe patisipe, anplwaye Regional Workforce Board's (RWB) One Stop Career Center ap kontakte ou.

Non fanmi	Prenon

Obligasyon pou Patisipe nan Travay

Anplwaye Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) anrejistre aplikasyon nan moman an epi chak 12 mwa apre, moun k ap viv lakay ou ki pa satisfè yon egzansyon nan kondisyon travay la. Moun sa yo k ap viv lakay ou dwe tou:

- Patisipe nan yon pwogram FSET si yo mete yo ladan;
- Bay Regional Workforce Board enfòmasyon konsènan sitiyasyon travay oswa disponibilite pou travay;
- Ale nan yon travay, si yo jwenn rekòmandasyon;
- Rapòte imedyatman rezon valab ki lakòz yo patisipe;
- Fè Regional Workforce Board la konnen nenpòt chanjman nan patisipasyon, travay, sikonstans fanmi avèk tou chanjman adrès, chanjman nimewo telefòn, nesosite gadri, pwoblèm transpò, pwoblèm medikal, elatriye.
- Gwoup asistans (AG) èd manje dwe chwazi ak aksepte yon manm kòm moun k ap alatèt AG epi ki se yon paran adilt oswa yon adilt ki genyen kontwòl paran sou timoun ki poko gen laj 18 tan. Si AG pa deziyen yon moun nan kay la ki pou alatèt AG ki satisfè egzijans sa yo, espesyalis kalifikasyon an ap deziyen manm adilt ki touche pi gwo revni kòm moun k ap alatèt AG.
- Patisipe nan yon pwogram travay kondisyonèl, si yo mete yo ladan;
- Pa avèk volonte epi san rezon valab, kite yon djòb 30 èdtan pa semèn oswa plis oswa diminye kantite èdtan travay pou pi piti pase 30 èdtan pa semèn;
- Aksepte yon òf rezonab djòb ki konvnan;
- Aplike pou djòb ak chèche djòb;

Konsekans Pou Si Ou Pa Patisipe

Si oumenm oswa moun nan kay la ki gen obligasyon yo epi ki pa satisfè egzijans travay la, n ap pran mezi avèk sanksyon ki endike anba la yo. Anvan nou kòmanse yon sanksyon, n ap voye yon avi mezi negatif sou dosye a ba ou. Si ou satisfè egzijans travay la nan peryòd tan 10 jou ki nan avi mezi negatif la, n ap retire sanksyon an.

Sanksyon Èd Manje

Premye Sanksyon: Pèt asistans èd manje pandan yon mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.

Dezyèm Sanksyon: Pèt asistans èd manje pandan twa (3) mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.

Twazyèm Sanksyon: Pèt asistans èd manje pandan sis (6) mwa, oswa jouk moun nan konfòme li, kèlkeswa sa ki pi long lan.

NÒT: Si moun ki pa satisfè egzijans travay la se moun ki alatèt fanmi an, nou dwe sispann benefis èd manje a pou tout moun nan kay la k ap resevwa benefis èd manje a, sof si moun lan satisfè yon egzansyon travay pou èd manje.

Enfòmasyon sou Patisipasyon nan Travay

- Ou kapab mande yon sipèvizè ki nan RWB pou revize dosye ou. Si w pa dakò avèk yon desizyon sou aktivite travay ou oswa sèvis sipò a (yo), ou kapab mande pou gen yon odyans san patipri.
- Ou kapab jwenn dispans nan aktivite travay la, si ou genyen rezon valab. Rezon valab yo kapab genyen sikonstans ki depase kontwòl ou tankou maladi, ijans lakay ou, oswa ou pa jwenn transpò, oswa pa gen gadri pou yon timoun ki poko genyen laj 12 zan. Fè RWB oswa DCF konnen si ou panse ou genyen rezon valab.

Adilt Kosto san Depandan (ABAWD) ki gen dat limit

Adilt Kosto ki San Depandan (ABAWD) se adilt ki anmezi pou travay oswa pou patisipe nan yon pwogram travay, epi benefis èd manje adilt sa yo kapab limite nan tan.

ABAWD ki gen dat limit se moun ki gen:

- Laj ant 18 tan ak 49 ane;
- Ki pa gen timoun ki poko gen 18 tan;
- Pa satisfè yon eksepsyon limit tan ABAWD; oswa,
- P ap viv nan Zòn ki gen Sipli Travay (zòn eta avèk anpil travay epi ki gen apwobasyon federal).

Lè sèvis FSET disponib pou ABAWD ki limite nan tan, yo kapab resevwa èd manje (food assistance) nan sèlman twa (3) mwa konplè sou 36 mwa sof si yo satisfè règ travay la. Satisfè règ travay la vle di:

- Travay 20 èdtan pa semenn;
- Travay epi patisipe nan yon pwogram travay pou yon total 20 èdtan pa semenn; oswa,
- Patisipe nan yon pwogram travay 20 èdtan pa semenn epi fè tout aktivite yo;
- Patisipe nan yon pwogram travay kondisyonèl epi respekte règ travay la.

Fason pou vin elijib ankò

Yon ABAWD ki deja resevwa benefis èd manje (food assistance) pandan twa mwa atan-limite kapab resevwa èd manje a ankò depi li fè youn nan sa ki annapre yo nan mwa anvan li aplike a:

- Travay pandan 80 èdtan oswa plis;
- Patisipe nan tout règ yon pwogram travay pandan 80 èdtan oswa plis epi satisfè règ travay la; oswa,
- Pa satisfè yon eksepsyon dat limit ABAWD;
- Travay epi patisipe nan yon pwogram travay pandan yon total 80 èdtan; oswa patisipe epi satisfè tout règ yon pwogram travay kondisyonèl.

Enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou pa pratike diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun sòti, andikap moun, laj moun, si yon moun se fanm oswa gason, epi nan kèk ka akòz relijyon ak konviksyon politik. Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi diskriminasyon kont kliyan li yo, anplwaye li yo, ak moun ki aplike pou travay akòz ras, koulè, peyi kote yo fèt, laj, konviksyon politik, eta sivil, kondisyon fanmi oswa paran, preferans seksyèl, oswa tout oswa yon pati nan revni yon moun sòti nan nenpòt pwogram asistans piblik, oswa enfòmasyon jenetik pwoteje nan nenpòt travay oswa nan nenpòt pwogram oswa aktivite Depatman an ap fè oswa finanse. (Se pa tout rezon ki entèdi k ap aplike nan tout pwogram yo ak/oswa aktivite yo.) Si ou vle pote yon plent nan pwogram Dwa Sivil pou diskriminasyon, ranpli Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA. Ou ka jwenn fòm nan sou Entènèt nan sitwèb http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, oswa nan nenpòt biwo USDA, oswa rele (866) 632-9992 pou mande fòm nan. Ou ka ekri yon lèt tou ki gen tout enfòmasyon yo mande ou nan fòm nan. Voye fòm ou ranpli a oswa lèt la ban nou pa lapòs nan U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, nan faks (202) 690-7442 oswa nan imèl nan program.intake@usda.gov. Moun ki soud oswa ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal (Federal Relay Service) nan nimewo (800) 877-8339; oswa (800) 845-9136 (Panyòl). Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène pwoblèm nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo liy dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele Nimewo Enfòmasyon Eta a/Liy Dirèk (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nime wo liy dirèk Eta a); ou ka jwenn yo sou Entènèt tou nan http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd lajan gouvènman federal la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], voye yon lèt ba: HHS, Direktè, Biwo pou Dwa Sivil, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele nimewo (202) 619-0403 (pou pale) oswa (800) 537-7697 (TTY). USDA ak HHS se founisè ak patwon ki bay opòtinite egale pou tout moun.